

# Harmony Healthcare Long Island nan Westbury High School

Yon Pwogram nan Westbury Union Free School District Ansanm ak HHLI



Westbury High School  
1 Post Road  
Westbury, New York 11568  
Telefòn: 516-874-1970  
Faks: 516-874-1971



## Li rapid epi fasil pou pitit ou a resevwa sèvis swen sante atravè Harmony Healthcare Long Island (HHLI) nan Westbury High School!

Chè Paran oswa Gadyen Legal,

Nou kontan enfòm w ke Westbury High School gen yon Sant Sante ki Baze nan Lekòl la ki dirije pa Harmony Healthcare Long Island. HHLI nan Westbury High School genyen pwofesyonèl medikal ak mantal ki gen lisans Harmony Healthcare.

**Tanpri konnen ke pitit ou a ka itilize sèvis HHLI nan Westbury High School, menm jan ak yon Sant Ijans epi kontinye wè doktè swen prensipal ou jan ou te konn fè. Si w siyen konsantman sa a pa chanje asirans ou, pa chanje doktè prive w, epi li pa afekte kantite fwa pitit ou a ka wè doktè prensipal li.**

Nan HHLI nan Westbury High School, pitit ou a ka resevwa sèvis ki nan lis anba a gratis pou ou, kèlkeswa sityasyon asirans li. SBHC gen dwa fè fakti bay asirans ou, sepandan pa gen okenn ko-pèman pou ou, epi ou pap resevwa yon fakti.

### Sèvis HHLI nan Westbury High School yo enkli:

- Egzamen fizik konplè
- Swen medikal, ki gen ladan tretman pou kondisyon egi ak kwonik tankou, men pa limite a, opresyon ak obezite.
- Tès laboratwa medikal
- Revizyon ak ajou vaksen yo
- Jesyon preskripsyon
- Edikasyon Sante ak Konsèy
- Sèvis ak Konsèy Sante Mantal
- Depistaj vizyon ak tandè
- Referans bay espesyalis
- Aksè nan swen Lendi – Vandredi pandan lè lekòl
- 

Pou enskri pitit ou a pou sèvis HHLI nan Westbury High School, tanpri li epi ranpli enfòmasyon sa yo sou fòm enskripsyon ki tache a. Asire w ou siyen fòm konsantman paran an.

- **Fòm Konsantman Paran/Pèmision Paran**
- **Kesyonè Paran**
- **Konsantman Healthix**
- **Rekonesans Avi sou Konfidansyalite**
- **Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Sante**

Bay fòm ki ranpli yo dirèkteman HHLI nan Westbury High School oswa nan biwo Enfimye a.

HHLI nan Westbury High School la ouvri lendi jiska vandredi 7:30 AM – 3:30 PM. Yo bay sèvis pou elèv ki nan klas 9yèm - 12yèm ane pandan tout ane a, enkli jen - out.

**Pandan ete a, nou ofri vaksen ak egzamen fizik pou elèv 8yèm ane ki gradye Westbury School District ki pral ale nan Westbury High School.**

Nou gade pou pi devan pou rankontre avèk ou epi bay pitit ou a sèvis sante/medikal. Tanpri pa ezite vizite nou HHLI nan Westbury High School la oswa rele nou nan 516-874-1970 pou plis enfòmasyon.

Kòdyalman,

Anplwaye Swen Sante Harmony Long Island nan Westbury High School



Enskripsyon Pasyan SBHC

516-296-3742

[www.harmonyhealthcareli.org](http://www.harmonyhealthcareli.org)

# Fòm HHLI Konsantman Paran Sant Sante ki Baze nan Lekòl la

Roosevelt High School    Freeport High School    Westbury High School

Tanpri konnen ke pitit ou ka itilize Sant Sante ki baze nan Lekòl la epi wè lòt doktè li yo. Lè ou siyen konsantman sa a, li pap Lekòl chanje asirans pitit ou ni chanje doktè prive pitit ou, epi li pap afekte kantite fwa pitit ou ka wè doktè prive li.

## Enfòmasyon sou Elèv la:

Premye Non Elèv la: \_\_\_\_\_  
 Siyati Elèv la: \_\_\_\_\_  
 Dat Nesans: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ Klas: \_\_\_\_\_  
 Sèks:  Gason  Fi  
 Adrès Elèv la: \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Telefòn Selilè Elèv la: \_\_\_\_\_  
 Imèl Elèv la: \_\_\_\_\_

\*Sosyal Elèv la: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
 (\*opsyonèl: Itilize pou rezon asirans sèlman)

Ras:  Azyatik  Nwa oswa Afriken Ameriken  Blan  Lòt  
 Refize Espesifye

Etnisite:  Panyòl  Pa Panyòl  Refize Espesifye

Lis founisè swen prensipal elèv la, si yo genyen youn:

Non: \_\_\_\_\_  
 Telefòn: \_\_\_\_\_  
 Adrès: \_\_\_\_\_

Mwen deziyen HHLI ki baze nan lekòl la kòm founisè swen prensipal mwen an  Wi  Non

## Enfòmasyon sou Paran / Gadyen Legal:

Siyati: \_\_\_\_\_ Premye  
 Non: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_  
 Telefòn Lakay/Travay: \_\_\_\_\_  
 Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_  
 Imèl: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Premye Non: \_\_\_\_\_  
 Dat Nesans: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_  
 Telefòn Lakay/Travay: \_\_\_\_\_  
 Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_  
 Imèl: \_\_\_\_\_

### Si ou se gadyen legal la, relasyon ak elèv la:

Granparan  Matant/ Tonton  Paran Adoptif

Lòt: \_\_\_\_\_

Lang Paran/Gadyen Legal Prefere: \_\_\_\_\_

## LÒT KONTAK IJANS

Non: \_\_\_\_\_  
 Relasyon ak Elèv la: \_\_\_\_\_  
 Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

## ENFÒMASYON FAMASI A

Endike Famasi kote nou ka voye preskripsyon pou pitit ou  
 Famasi: \_\_\_\_\_  
 Adrès Famasi a: \_\_\_\_\_  
 Telefòn Famasi a: \_\_\_\_\_

## ENFÒMASYON SOU ASIRANS

Sant Sante ki Baze nan Lekòl la bay elèv yo swen kit yo gen asirans oswa yo pa gen asirans. Si elèv la gen Medicaid oswa lòt asirans, li enpòtan pou enfòmasyon Sant Sante ki Baze nan Lekòl la pou yo ka voye bòdwo pou sèvis yo. Pa gen okenn lajan k ap soti nan pòch ou pou sèvis Sant Sante ki Baze nan Lekòl la bay.

### Èske pitit ou a gen asirans medikal?

Wi, Non Plan Sante a: \_\_\_\_\_ Nimewo Idantifikasyon: \_\_\_\_\_

### Èske pitit ou a gen Medicaid?

Wi, Nimewo Idantifikasyon Medicaid: \_\_\_\_\_ Non, Pitit mwen an pa gen asirans sante.

Chak timoun nan New York ka jwenn asirans sante, menm si yo se imigran san papye. Si pitit ou a pa gen asirans sante, Sant Sante ki baze nan lekòl la ka konekte ou ak yon moun ki pou enskri li pou jwenn Asirans Sante Piblik.

Si pitit ou a pa gen asirans sante, èske w ta renmen yon reprezantan kontakte w pou ede w jwenn asirans sante?  Wi  Non

## KONSANTMAN POU SÈVIS SANT SANTE KI BAZE NAN LEKÒL LA

## Tanpri li Bwat 1

Mwen te li epi konprann sèvis yo ki nan lis pwochen paj la (Sèvis Sant Sante ki baze nan lekòl la) ak siyati sa mwen bay konsantman pou pitit mwen an resevwa sèvis nan Sant Sante ki baze nan Lekòl HHLI ofri. Mwen bay pèmasyon pou pitit mwen an enskri nan Sant Sante ki baze nan Lekòl Segondè a. Mwen konprann fòm konsantman sa ap rete an vigè toutotan pitit mwen an rete enskri nan Lekòl Segondè a sof si mwen ta notifiye Sant Sante a alekri. Mwen konprann mwen ka revoke konsantman sa nenpòt ki lè.

X \_\_\_\_\_

**Siyati Paran/Gadyen Legal:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Mwen bay konsantman mwen pou pitit gason/pitit fi mwen an resevwa swen sante "gratis" doktè a, enfimyè a ak lòt pwofesyonèl sante ki gen lisans Leta nan Pwogram HHLI Sante ki Baze nan Lekòl la ak swen pri ki ba nan HHLI Sant Sante ki Baze nan Lekòl la, sèvis sante konplè sa yo enkli kòm yon pati nan yon pwogram sante lekòl ki patwone pa Depatman Sante Eta New York.

- Konplè egzamen medikal ak tèst laboratwa, ki gen ladan espò fizik
- Tande, Vizyon, Eskolyoz ak tèst depistaj tansyon
- Vaksinasyon ak sèvis Premye Swen
- Preskripsyon ak tretman pou maladi
- Verifikasyon gwosès
- Referans dantè
- Tès ak tretman pou maladi transmisib seksyèlman
- Edikasyon Sante, Nitrisyon ak pwoblèm pwa
- Konsèy pou pwoblèm lekòl ak pèsònèl
- Pwovizyon sèvis sante nan nenpòt nan Sant Sante yo apre lekòl ak pandan konje ak vakans

Mwen konprann ke lè sa nesèsè, yo pral fè tout efò pou kontakte mwen anvan nenpòt tretman ki mande konsantman paran yo anba Lwa Eta New York. Mwen konprann ke yo pral asire konfidansyalite ant elèv la ak ekip medikal la nan domèn sèvis espesifik epi yo pa pral diskite ak paran an oswa gadyen an sof si elèv la dakò. Anplwaye Sant Sante HHLI lekòl la konsidere patisipasyon paran yo enpòtan. Pèsònèl la ap ankouraje elèv la pou enplike paran/responsab li nan sevis konsèy ak swen medical lap resevwa.

## REKONESANS KE PASYAN RESEVWA AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

## Bwat 2

## REKONESANS PASYAN LI RESEVWA AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

POU ENFÒMASYON SANTE PWOTEJE

**Rekonesans ke ou Resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite:** Mwen rekonèt ke yo te ban mwen yon kopi Harmony Healthcare Long Island (HHLI) Avi sou Pratik Konfidansyalite, ki dekri kijan HHLI ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante mwen ak kijan mwen ka jwenn aksè ak kontwole itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sa yo.

**Siyati Repezantan an:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Non Repezantan Pèsònèl la: \_\_\_\_\_ (Enprime)  
(si li aplikab)

Relasyon ak Pasyan an: \_\_\_\_\_  
(si li aplikab)

## Rapò nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon non Eta New York

## Bwat 3

Mwen otorize HHLI pou rapòte nenpòt vaksen ke anplwaye medikal yo ban mwen nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon nan Eta New York la.

**Siyati Repezantan an:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

## Harmony Healthcare Long Island nan Westbury High School

Yon Pwogram nan Westbury Union Free School District Ansanm ak HHLI

### Kesyonè Inisyal Paran/Gadyen Legal

Dat: \_\_\_\_\_ Klas: \_\_\_\_\_  
Non: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Sèks: \_\_\_\_\_

Non moun k ap ranpli fòm lan: \_\_\_\_\_ Relasyon: \_\_\_\_\_

#### Istwa Sante

Dènye egzamen fizik: \_\_\_\_\_ Nenpòt chanjman nan sante nan ane ki sot pase a? \_\_\_\_\_  
Alèji ak medikaman: \_\_\_\_\_ ak manje: \_\_\_\_\_ Lòt: \_\_\_\_\_  
Medikaman: Preskripsyon: \_\_\_\_\_ San preskripsyon: vitamin/sipleman: \_\_\_\_\_  
Pwa nesans: \_\_\_\_\_ Èske pitit ou a te gen nenpòt konplikasyon lè ou te akouche? \_\_\_\_\_ Pandan oswa apre nesans? \_\_\_\_\_

Èske li te entène lopital?

Wi  Non

Si wi, tanpri bay laj, ak rezon li te entène lopital la:

\_\_\_\_\_

Nenpòt operasyon?

Wi  Non

\_\_\_\_\_

Nenpòt blesi grav oswa blesi akòz espò?

Wi  Non

Si wi, eksplike: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Tanpri tcheke si pitit ou oswa yon manm fanmi e janm gen nenpòt bagay sa yo?

#### Timoun

#### Manm Fanmi

	Wi	Non	Wi	Non
Itilizasyon Alkòl/Dwòg	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Anemi oswa maladi san	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Opresyon	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Domaj pandan akouchman	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Enfeksyon nan blad pipi oswa nan ren	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Tansyon oswa pwoblèm kè	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Kansè	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Maladi sik	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Epilepsi/kriz	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Ka zo kase (zo kase)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Tèt fè mal/Migrèn	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Blesi nan Tèt/Chòk	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Epatit	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Mononukleoz	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Murmurs (Kè)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Maladi kè rimatism	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Eskolyoz	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Maladi Tiwoyid	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Tibèkiloz	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Ilsè oswa pwoblèm Dijesyon	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Maladi mantal oswa depresyon	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Lòt maladi	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

**Lòt Kesyon Istwa Medikal:**

Èske gen yon moun nan fanmi an ki te gen yon istwa lanmò subit oswa yon kriz kadyak anvan l te gen 50 an?

---

---

Èske gen nenpòt chanjman nan fanmi ou nan ane ki sot pase a, tankou sa ki annapre yo?

- |  |                                 |
|--|---------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Maladi grav                     | <input type="checkbox"/> Maryaj |
| <input type="checkbox"/> Demenaje nan nouvo kay/kominote | <input type="checkbox"/> Divòs  |
| <input type="checkbox"/> Lanmò                           | <input type="checkbox"/> Lòt    |

**Enkyetid Paran/Gadyen Legal:**

Èske w gen nenpòt enkyetid espesifik konsènan pitit ou a/adolesan?

---

---

---

---



## Healthix – Otorizasyon Pou Aksè Nan Enfòmasyon Pasyan

Non Pasyan an:	Dat nesans:
Adrès Pasyan an:	

M ap mande aksè enfòmasyon sante konsènan swen mwen jan li endike sou fòmilè sa a. Mwen kapab chwazi si m ap kite yo bay Harmony Healthcare Long Island (ak ajan yo) aksè nan dosye medikal mwen atravè òganizasyon echanj enfòmasyon lasante ki rele Healthix ou pa. Si mwen bay konsantman mwen, y ap ka gen aksè nan dosye medikal mwen ki diferan kote mwen resevwa swen ak yon rezo òdinatè pou tout eta a. Healthix se yon òganizasyon ki pa komèsyal ki pataje enfòmasyon sou sante moun pa mwayen elektwonik pou amelyore kalite swen sante epi li satisfè nòm pwoteksyon vi prive ak sekirite Lwa Sou Responsabilite ak Pòtabilite Asirans Sante (HIPAA), kondisyon lwa federal sou konfidansyalite yo, 42 CFR Pati 2 ak Lwa Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite sitwèb Healthix ki se [www.healthix.org](http://www.healthix.org).

**Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP afekte si mwen ka jwenn swen medikal ou pa. Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP kite konpayi ki bay asirans sante yo jwenn aksè nan enfòmasyon mwen pou yo ka decide si ya p banm pwoteksyon asirans sante oswa si y ap peye fakti medikal mwen.**

Konsantman Mwen Chwazi Bay. M ap chwazi YON tikare sou lamèn goch pou fè chwa mwen. Mwen ka ranpli fòmilè sa a kounye a oswa yon lòt lè. Epi tou mwen ka ranpli yon nouvo fòmilè pou chanje desizyon mwen nenpòt lè.
<input type="checkbox"/> 1. <b>MWEN BAY KONSANTMAN</b> pou Harmony Healthcare Long Island gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou bay swen sante.
<input type="checkbox"/> 2. <b>MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN</b> pou Harmony Healthcare Long Island gen aksè nan enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou nenpòt rezon.

Si mwen vle refize bay konsantman pou tout Òganizasyon Ki Bay Swen Sante ak Plan Sante k ap patisipe nan Healthix yo gen aksè nan enfòmasyon sante elektwonik mwen atravè Healthix, mwen ka vizite sitwèb Healthix la nan [www.healthix.org](http://www.healthix.org) oswa rele Healthix nan 877-695-4749 pou fè sa.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòmilè sa a epi yo te ban mwen yon kopi fòmilè sa a.

<b>Siyati Pasyan an ou Repezantan Legal Pasyan an:</b>	<b>Dat:</b>
Ekri Non Repezantan Legal la (si genyen youn) al lèt yo detache:	Relasyon Repezantan Legal la ak Pasyan an (si genyen youn):

**Detay sou enfòmasyon yo aksede atravè Healthix ak pwosesis pou konsantman an:**

1. **Kijan Yo Ka Itilize Enfòmasyon Ou.** Y ap itilize enfòmasyon sante elektwonik ou **sèlman** pou sèvis swen sante sa yo:
  - **Sèvis Tretman.** Ba ou tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman an.
  - **Verifye Si Ou Kalifye Pou Asirans.** Gade pou wè si w gen asirans sante ak kisa li kouvri.
  - **Aktivite Pou Jesyon Swen.** Aktivite sa yo gen ladan yo ede ou jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis y ap ba ou, kowòdone jan yo ba ou plizyè sèvis swen sante w ap resevwa, oswa ede ou swiv yon plan swen sante.
  - **Aktivite Pou Amelyore Kalite.** Evalye epi amelyore kalite swen medikal nou ba ou menm ak tout pasyan.
2. **Kalite Enfòmasyon Sou Ou Ki Ladan.** Si w bay konsantman ou, Òganizasyon (yo) Ki Bay Swen Sante nan lis la kapab gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik ou ki disponib atravè Healthix. Sa gen ladan enfòmasyon ki te kreye avan ak apre dat ou te siyen fòmilè sa a. Dosye medikal ou kapab gen maladi ou soufri oswa chòk ou te pran (tankou dyabèt oswa yon zo ki te kase), rezilta egzamen yo (pa egzanp radyografi oswa tès san), ak yon lis medikaman ou te pran. Enfòmasyon sa a kapab genyen kondisyon sante ki sansib. Men kèk bagay ki kapab ladan:
 

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwoblèm bwè tafya oubyen abi dwòg</li> <li>• Kontrasepsyon ak avòtman (planin familial)</li> <li>• Maladi Jenetik (ki eritye) oswa tès</li> <li>• VIH/SIDA</li> <li>• Kondisyon sante mantal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Maladi yo transmèt nan fè sèks</li> <li>• Medikaman ak Dòz yo</li> <li>• Enfòmasyon sou Dyagnostik</li> <li>• Alèji</li> <li>• Detay sou abi Dwòg</li> <li>• Nòt Klinik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Detay Egzeyat</li> <li>• Enfòmasyon sou Travay</li> <li>• Jan w ap Viv</li> <li>• Sipò Sosyal</li> <li>• Done sou Reklamasyon</li> <li>• Tès Laboratwa</li> </ul>
--	---	--
3. **Kote Enfòmasyon Sou Sante Ou Soti.** Enfòmasyon sou ou soti kote ki te ba w swen medikal oswa asirans sante. Kote sa yo kapab lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi ki bay asirans sante, pwogram Medicaid la, ak lòt òganizasyon ki echanje enfòmasyon pa mwayen elektwonik. Gen yon lis konplè ak ajou ki disponib nan Healthix. Pou jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè, gade sou sitwèb Healthix la ki se [www.healthix.org](http://www.healthix.org) oswa arele 877-695-4749.
4. **Kiyès Ki Ka Aksede Enfòmasyon Sou Ou, Si Ou Bay Konsantman.** Se sèlman doktè ak lòt ekip k ap travay nan Òganizasyon (yo) ou te bay konsantman pou gen aksè pou egzekite aktivite fòmilè sa a pèmèt jan li dekri pi wo a nan paragraf nimewo en (1).
5. **Aksè Pou Òganizasyon Sante Piblik Ak Òganizasyon Ki Resevwa Ògàn.** Ajans sante piblik federal, eta oswa lokal ansanm ak sèten òganizasyon ki resevwa ògàn gen otorizasyon devan lalwa pou jwenn aksè nan enfòmasyon sante yon pasyan san pasyan sa a pa te bay konsantman pou sèten rezon sante piblik ak grèf ògàn. Enstitisyon sa yo kapab aksede enfòmasyon atravè Healthix pou rezon sa yo kit ou bay konsantman ou pa, refize bay konsantman oswa refize ranpli yon fòmilè konsantman.
6. **Penalite Pou Lè Yo Aksede Oswa Itilize Enfòmasyon Ou Yon Fason Ki Pa Apwopriye.** Gen penalite pou lè yo aksede oswa itilize enfòmasyon sante elektwonik ou yon fason ki pa apwopriye. Si nenpòt lè ou sispèk gen yon moun ki pa te dwe wè oswa gen aksè nan enfòmasyon ou ki fè sa, rele Harmony Healthcare Long Island a nan: 516-296-3742; oswa vizite sitwèb Healthix la : [www.healthix.org](http://www.healthix.org); oswa rele Depatman Sante Eta New York nan 518-474-4987; oswa swiv etap pou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil federal la nana lyan sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>.
7. **Kijan Yo Ka Divilge Enfòmasyon ankò.** Nenpòt Òganizasyon ou te bay konsantman pou gen aksè nan enfòmasyon medikal ou kapab divilge ankò enfòmasyon sou sante ou, men sèlman nan mezi lalwa ak regleman eta ak federal pèmèt sa. Yo kapab sèlman gen aksè epi sèlman divilge ankò enfòmasyon ki gen pou wè ak tretman pou alkòl/dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki gen pou wè ak VIH si li akonpanye ak deklarasyon sou entèdiksyon pou divilge li ankò.
8. **Peryòd Fòm Konsantman An Ap Aktif.** Fòm konsantman sa a ap rete aktif jiska jou ou chanje konsantman ou chwazi bay la, jiskasko ou mouri oswa jiskasko Healthix sispann opere. Si Healthix ta fin fè pati yon lòt Òganizasyon, chwa ou fè nan konsantman an p rete aktif nan nouvo òganizasyon li vin fizyone ak li a.
9. **Jan Pou Chanje Konsantman Ou.** Ou ka chanje konsantman ou bay la nenpòt lè pou nenpòt Òganizasyon Ki Bay Swen Sante oswa Plan Sante. Pou fè sa soumèt yon nouvo fòm ak nouvo chwa ou a. Òganizasyon ki gen aksè nan enfòmasyon sou sante w atravè Healthix pandan konsantman w lan aktif kapab kopye oswa mete enfòmasyon ou sou pwòp dosye medikal yo. Menm si pita ou ta deside chanje desisyon w pou bay konsantman yo pa oblije retounen enfòmasyon ou oswa retire li sou dosye yo.
10. **Kopi Fòmilè a.** Ou gen dwa resevwa yon kopi Fòmilè Konsantman sa a.

## OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE DAPRE HIPAA

Non Pasyan an:	Dat Nesans:
	Nimewo Sosyal:
Adrès:	

Mwen menm, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou enfòmasyon sou sante konsènan swen mwen ak tretman mwen jan sa endike nan fòm sa a: An akò ak Lwa Eta New York ak Règleman sou Konfidansyalite Lwa sou Portabilite ak Responsablite Asirans Sante 1996 (HIPAA), mwen konprann ke:

1. Otorizasyon sa a ka gen ladan divilgasyon enfòmasyon ki gen rapò ak abi **ALKÒL** ak **DWÒG**, **TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte remak sikoterapi, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN RAPÒ AK VIH\*** sèlman si mwen mete inisyal mwen yo sou liy ki apwopriye a nan Atik 9(a). Si enfòmasyon medikal yo dekri anba a gen kalite enfòmasyon sa yo ladan l, e mwen mete inisyal mwen nan liy lan sou ti bwat la nan atik 9(a), m ap otorize yo voye enfòmasyon sa bay moun ki endike nan Atik 8.

2. Si m ap otorize piblikasyon enfòmasyon ki anrapò ak VIH, alkòl oswa tretman dwòg, oswa sante mantal, moun k ap resevwa li a pa otorize re-pibliye enfòmasyon san yo san otorizasyon m sof si lwa federal oswa eta a pèmèt li fè sa. Mwen konprann ke mwen kapab mande yon lis moun ki gen dwa resevwa oswa itilize enfòmasyon ki anrapò ak pwoblèm VIH mwen san otorizasyon. Si mwen fè eksperyans diskriminasyon akòz divilgasyon enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York nan (212) 480-2493 oswa Komisyon Dwa Moun Vil New York nan (212) 306-7450. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa mwen yo.

3. Mwen gen dwa anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè pandan m ap ekri founisè swen sante ki site annapre a. Mwen konprann ke mwen kapab anile otorizasyon eksepte nan mezi yo te deja pran aksyon ki baze sou otorizasyon sa a.

4. Mwen konprann ke siyen otorizasyon sa a se volontè. Tretman, peman, enskripsyon m nan yon plan sante, oswa kalifikasyon m pou avantaj pa depann otorizasyon m pou piblikasyon.

5. Enfòmasyon yo divilge dapre otorizasyon sa a ka redekouvwi pa moun k ap resevwa a (eksepte jan sa endike pi wo a nan Atik 2), epi redekouvwi sa a pa ka pwoteje pa lwa federal oswa eta a ankò.

### **6. OTORIZASYON SA A PA OTORIZE W POU DISKITE SOU ENFÒMASYON SANTE MWEN OSWA SWEN MEDIKAL MWEN AK NENPÒT LÒT MOUN KE MOUN KI ESPESIFYE NAN ATIK 9(b).**

7. Enfòmasyon kontak oswa founisè swen sante oswa antite pou divilge enfòmasyon sa a (soti nan ki moun):		
Non:	Adrès:	
Telefòn:		
8. Enfòmasyon kontak moun (yo) oswa antite ki pral resevwa enfòmasyon sa a (bay ki moun):		
Non:	Adrès:	
Telefòn:	Faks:	Imèl
Detay livrezon: <b>(tcheke youn)</b>		
<input type="checkbox"/> Lapòs regilye	<input type="checkbox"/> Faks (enkli nimewo faks pi wo a)	<input type="checkbox"/> Imèl (enkli imel)
<input type="checkbox"/> Pase resevwa li nan HHLI Roosevelt 380 Nassau Road Roosevelt NY 11575	<input type="checkbox"/> Lèt (Tanpri eksplike) _____	
9 (a). Enfòmasyon espesifik yo dwe lage:		
<input type="checkbox"/> Dosye Medikal soti nan (mete dat) _____ pou (mete dat) _____		
Tout Dosye Medikal, ki enkli istwa pasyan yo, nòt biwo (eksepte nòt sikoterapi), rezilta tès, etid radyoloji, fim, referans, konsiltasyon, dosye bòdwo, dosye asirans ak dosye lèt founisè swen sante voye ba ou.		
Other: _____	Enkli: (Endike avèk Inisyal w)	
_____	____ <b>Tretman Alkòl/Dwòg</b>	
	____ <b>Enfòmasyon sou Sante Mantal</b>	
	____ <b>Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH</b>	



**Otorizasyon pou diskite sou enfòmasyon sante**

9 (b).  Nan inisyalizasyon isit la \_\_\_\_\_ mwen otorize \_\_\_\_\_  
(Non founisè swen sante endividyèl la)

diskite sou enfòmasyon sante mwen ak \_\_\_\_\_

Relasyon ak pasyan: \_\_\_\_\_

10. Rezon pou divilge enfòmasyon:

Sou demann moun nan

Lòt: \_\_\_\_\_

11. Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a pral ekspire:

12. Si se pa pasyan an, non moun k ap siyen:

13. Otorite pou siyen nan non pasyan an:

Tout atik sou fòm sa a te ranpli epi kesyon mwen yo te reponn sou fòm sa a. Anplis de sa, yo te ban mwen yon kopi fòm nan.

\_\_\_\_\_  
**Siyati Pasyan oswa Reprezantan Lalwa Otorize.**

\_\_\_\_\_  
**Dat:**

**\* Viris Iminodefisyans Imèn ki lakòz SIDA. Lwa Sante Piblik Eta New York la pwoteje enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun ki gen sentòm oswa enfeksyon VIH ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.**

**Harmony Healthcare Long Island, Inc  
Nassau University Medical Center  
A. Etablisman swen pwolonje Holly Patterson**

**Kolektivman "Sistèm Sante"**

**AVI SOU LAVI PRIVE**

**AVI SA A DEKRI FASON YO KAPAB ITILIZE EPI PATAJE ENFÒMASYON  
MEDIKAL OU YO AK FASON OU KA JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON  
SA A.**

**TANPRI EGZAMINE AVI SA A AVÈK SWEN.**

**DEKLARASYON SOU POLITIK LA**

Sistèm Sante sa a angaje l pou l kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou sante w ki pwoteje (ann anglè "PHI"), ki genyen ladan l PHI sou fòm elektwonik, selon dispozisyon Lwa sou Responsablite ak Pòtablite Asirans Sante a, ak Lwa Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Sante Klinik ak Ekonomik, ak regleman li yo (kolektivman "Règleman HIPAA yo"), ki genyen ladan l enfòmasyon konsènan kondisyon medikal ou ak swen ak tretman ou resevwa nan Sistèm Sante a. Avi sa a detaye fason yo kapab itilize epi divilge PHI ou yo bay tyès pati pou resevwa tretman, pèman pou tretman w, operasyon swen sante Sistèm Sante a, ak pou lòt objektif lalwa ak règleman HIPAA yo otorize oswa egzije. Epitou Avi sa a detaye dwa ou genyen konsènan PHI ou.

**ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON PHI**

**1.** Sistèm Sante a kapab itilize epi/oswa divilge PHI ou pou tretman, pèman pou tretman, ak operasyon swen sante nan Sistèm Sante a. Sa ki pral site anba a se egzanp sou tip itilizasyon ak/oswa divilgasyon PHI ou ki kapab rive. Egzanp sa yo pa vle di yo enkli tout tip itilizasyon ak/oswa divilgasyon ki posib.

**(a) Tretman-** Pou bay, kowòdone epi jere swen sante w, Sistèm Sante a pral pataje PHI ou ak pwofesyonèl swen sante sa yo, kit yo se manm pèsonèl Sistèm Sante a ou non, ki dirèkteman enplike nan swen w pou yo kapab konprann kondisyon ak bezwen medikal ou yo, epi bay konsèy oswa tretman (pa egzanp, yon espesyalis oswa yon laboratwa). Pa egzanp, yon medsen k ap trete w pou yon kondisyon tankou atrit kapab bezwen konnen ki medikaman medsen nan Sistèm Sante a te preskri w.

**(b) Pèman** - Pou yo peye w pou kèk oswa tout sèvis swen sante yo te ba w yo, Sistèm Sante a pral remèt PHI ou yo, dirèkteman oswa atravè yon sèvis faktirasyon, bay peyè tyès pati ki apwopriye yo, selon egzijans sou faktirasyon ak egzijans sou pèman yo. Pa egzanp, Sistèm Sante a kapab bezwen pale avèk plan asirans ou an konsènan bezwen pou ospitalize w, pou plan asirans lan ka detèmine si li pral peye pou depans lan oswa si li pap peye pou li.

**(c) Operasyon swen sante** - Pou Sistèm Sante a kapab fonksyone selon lwa ki anvigè ak egzijans asirans lan epi pou Sistèm Sante a kapab kontinye bay swen de kalite ak swen ki efikas, li kapab nesèsè pou Sistèm Sante a konpile itilizasyon ak/oswa divilgasyon PHI ou. Pa egzanp, Sistèm Sante a kapab itilize PHI ou pou evalye pèfòmans manm pèsònèl Sistèm Sante a lè y ap ba w swen oswa pou soutni aktivite komèsyal Sistèm Sante a. Aktivite operasyonèl sa yo kapab genyen ladan l: evalyasyon kalite ak aktivite amelyorasyon, pwogram fòmasyon ki enplike elèv yo, estajyè, oswa pratisyen ki sou sipèvizyon, ak aktivite jeneral administratif.

## **OTORIZASYON PA OBLIGATWA**

**1. Anplis de tretman, pèman, ak operasyon swen sante yo, Sistèm Sante a kapab itilize epi/oswa divilge PHI ou, san w pa bay yon otorizasyon ekri, nan ka sa yo:**

**(a) Enfòmasyon ki pa idantifye w** - Yo modifye PHI ou pou li pa idantifye w, epi menm san yo pa mete non w, yo pa ka itilize l pou idantifye w.

**(b) Asosye komèsyal** - Bay yon asosye komèsyal, ki se yon moun Sistèm Sante a fè kontra avèk li pou bay yon sèvis ki nesèsè pou tretman w, ak operasyon swen sante (pa egzanp, sèvis faktirasyon oswa sèvis transkripsyon). Sistèm Sante a pral jwenn asirans ekri yon fason ki satisfèzan, selon lwa ki aplikab la, ke asosye komèsyal la epi sou-asosye li yo pral pwoteje PHI ou yo yon fason ki apwopriye.

**(c) Bay oumenm oswa yon reprezantan pèsònèl** - Bay oumenm oswa yon moun kote, selon lwa ki anvigè a, li genyen otorite pou reprezante w nan priz desizyon ki gen rapò ak swen sante w.

**(d) Aktivite sante piblik** - Aktivite sa yo genyen ladan l, pa egzanp, enfòmasyon yon otorite sante piblik kolekte, jan lalwa otorize sa, pou prevni oswa pou kontwole maladi, domaj oswa andikap. Sa genyen ladan l rapò sou abi oswa neglijan sou timoun.

**(e) Lekòl** - Yo kapab bay yon lekòl prèv vaksinasyon(yo) konsènan yon elèv oswa yon potansyèl elèv san otorizasyon ekri si lwa eta a mande lekòl la pou genyen dosye vaksinasyon yo. Akò divilgasyon an kapab bay swa nan fòm ekri oswa nan fòm oral epi li dwe dokimante nan dosye medikal pasyan an.

**(f) Administrasyon Manje ak Medikaman** - Si Administrasyon Manje ak Medikaman egzije sa pou rapòte evènman negatif, defo oswa pwoblèm nan pwodui oswa devyasyon pwodui byolojik, oswa pou suiv pwodui, oswa pou aktive rapèl pwodui, reparasyon oswa ranplasman pwodui, oswa pou fè siveyans aprè maketing.

**(g) Abi, neglijan oswa vyolans domestik** - Bay yon otorite gouvènman an si lalwa egzije sistèm sante a pou fè divilgasyon sa a. Si lalwa otorize Sistèm Sante a pou fè yon divilgasyon, li pral fè sa si li kwè divilgasyon an nesèsè pou prevni gwo domaj oswa

si Sistèm Sante a kwè ou te viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik. Nenpòt divilgasyon pral fèt selon egzijans lalwa, ki kapab mande pou voye yon avi ba w tou konsènan divilgasyon an.

**(h) Aktivite kontwòl sante** - Aktivite sa yo, lalwa dwe egzije, ki enplike ajans gouvènman ki patisipe nan aktivite kontwòl ki gen rapò ak sistèm swen sante a, pwogram reglemantè gouvènman an ak lwa sou dwa sivil. Aktivite sa yo genyen ladan l, pa egzanj, ankèt kriminèl, verifikasyon, mezi disiplinè oswa aktivite kontwòl jeneral ki gen rapò ak sistèm swen sante kominote a.

**(i) Pwosedi jidisyè ak administratif** • Pa egzanj, yo kapab egzije Sistèm Sante a pou divilge PHI ou kòm repons ak òdonans yon tribinal oswa yon sitasyon ki pibliye yon fason legal.

**(j) Objektif aplikasyon lalwa** - Nan kèk ka, yo kapab pataje PHI ou bay yon responsab lapolis pou objektif aplikasyon lalwa. Objektif aplikasyon lalwa yo genyen ladan l: (1) respè yon pwosedi legal (ki genyen ladan l, sitasyon) oswa jan lalwa egzije sa; (2) enfòmasyon pou objektif idantifikasyon ak lokalizasyon (pa egzanj, moun yo sispèk oswa yon moun ki disparèt); (3) enfòmasyon konsènan yon moun ki se viktim yon krim oswa yo sispèk ki se viktim yon krim; (4) nan sitiyasyon kote lanmò yon moun kapab akòz konduit kriminèl; (5) sizoka yon krim rive nan lokal Sistèm Sante a; ak (6) yon ijans medikal (ki pa sou lokal Sistèm Sante a) ki te rive, epi ta sanble te genyen yon krim ki te fèt.

**(k) Medsen lejis oswa egzaminatè medikal** - Sistèm Sante a kapab divilge PHI ou bay yon medsen lejis nan objektif pou idantifye w oswa pou detèmine koz lanmò w, oswa bay yon direktè finèrè jan lalwa otorize sa, epi jan sa nesèsè pou reyalize objektif li yo.

**(l) Don ògàn, zye oswa tisi** - Si ou se yon donatè ògàn, Sistèm Sante a kapab divilge PHI ou bay antite ou te dakò pou fè don ògàn ou yo avèk li a.

**(m) Rechèch** - Si Sistèm Sante a enplike nan aktivite rechèch yo, yo kapab itilize PHI ou yo, men itilizasyon sa a sijè a plizyè egzijans gouvènman ki fèt pou pwoteje konfidansyalite PHI ou tankou apwobasyon rechèch pa yon komisyon revizyon enstitisyonèl ak egzijans pwotokòl yo dwe swiv.

**(n) Evite yon menas pou sante oswa sekirite** - Sistèm Sante a kapab divilge PHI ou si li kwè divilgasyon sa a nesèsè pou prevni oswa pou diminye yon gwo menas pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la epi divilgasyon an fèt pou yon moun ki rezonableman anmezi pou prevni oswa pou diminye menas la.

**(o) Fonksyon espesyalize gouvènman an** - Lè kondisyon ki apwopriye yo aplike, Sistèm Sante a kapab itilize PHI moun ki manm pèsònèl fòs lame: (1) pou aktivite otorite kòmman militè a jije ki apwopriye yo; (2) pou objektif detèminasyon Depatman Zafè Veteran fè pou elijiblite pou benefis; oswa (3) pou yon otorite militè etranje si ou se yon manm nan sèvis militè sa a. Epiou Sistèm Sante a kapab divilge PHI ou yo bay responsab federal ki otorize yo pou fè aktivite sekirite nasyonal ak aktivite ransèyman ki genyen ladan l dispozisyon sèvis pwoteksyon pou prezidan an oswa lòt moun ki legalman otorize.

**(p) Prizonye** - Sistèm Sante a kapab divilge PHI ou bay yon enstitisyon koreksyonèl oswa bay yon responsab lapolis si ou se yon prizonye nan yon etablisman koreksyonèl epi PHI ou nesesè pou ba w swen ak tretman oswa li nesesè pou sante ak sekirite lòt moun oswa lòt prizonye.

**(q) Konpansasyon pou aksidan nan travay** - Si ou enplike nan yon reklamasyon pou aksidan nan travay ou, yo kapab mande Sistèm Sante a pou divilge PHI ou yo bay yon moun oswa yon antite ki fè pati sistèm Konpansasyon pou aksidan nan travay.

**(r) Efò sekou pou katastwòf natirèl** - Sistèm Sante a kapab itilize oswa divilge PHI ou bay yon antite piblik oswa yon antite prive ki otorize pou asiste nan efò pou katastwòf natirèl la.

**(s) Lalwa egzije sa.** Si lalwa egzije sa yon lòt fason, men itilizasyon oswa divilgasyon pral fèt selon lalwa epi limite ak egzijans lalwa.

## **OTORIZASYON**

Jan sa detaye nan règleman HIPAA, kèk itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo, itilizasyon ak divilgasyon PHI pou objektif maketing (jan sa dekri nan seksyon "Marketing" nan avi sou lavi prive sa a), ak divilgasyon ki konstitiye lavant PHI yo mande yon otorizasyon ekri nan men w, ak lòt itilizasyon ak divilgasyon ki otreman pa otorize jan sa dekri nan avi sou lavi prive sa a pral fèt sèlman avèk otorizasyon w alekri, kote ou kapab revoke l nenpòt lè jan sa detaye nan seksyon "Dwa w yo" nan avi sou lavi prive sa a.

## **FÈY ENSKRIPSYON**

Sistèm Sante a kapab itilize yon fèy enskripsyon nan biwo anrejistreman an. Epitou Sistèm Sante a kapab rele non w nan sal datant lan lè medsen ou an prè pou wè w.

## **REPÈTWA PASYAN AN**

Sofsi ou opoze ak sa, Sistèm Sante a pral mete enfòmasyon jeneral yo nan repètwa li a pou moun yo, sa ki genyen ladan l non w, kote w ye nan etablisman an, kondisyon ki dekri nan tèm jeneral yo, ak afilyasyon relijye ou. Enfòmasyon ki nan repètwa a, eksepte pou afilyasyon relijye ou, pral pibliye bay moun ki mande pou ou pa non w. Yo kapab bay afilyasyon relijye ou bay manm klèje a, menm si yo pa mande pou ou pa non w.

## **RAPÈL SOU RANDEVOU**

Sistèm Sante a kapab, detanzantan, kontakte w pou ba w rapèl pou randevou yo. Rapèl la kapab nan fòm yon lèt oswa yon kat postal. Sistèm Sante a pral eseye minimize kantite enfòmasyon ki genyen nan rapèl la. Epitou Sistèm Sante a kapab kontakte w pa telefòn epi, si ou pa disponib, Sistèm Sante a pral kite yon mesaj pou ou.

## **TRETMAN ALTÈNATIF/ BENEFIS**

Sistèm Sante a kapab kontakte w detanzantan konsènan tretman altènatif yo, oswa lòt benefis sante oswa sèvis ki kapab enterese w.

## **MAKETING**

Sistèm Sante a kapab sèlman itilize epi/oswa divilge PHI ou yo pou aktivite maketing si nou jwenn yon otorizasyon alekri opreyalab nan men w. Aktivite "Marketing" yo genyen ladan l kominikasyon yo voye ba ou

ki ankouraje w pou achte oswa itilize yon pwodui oswa yon sèvis, epi kominikasyon an fèt pou swen oswa tretman w. Sepandan, maketing pa genyen ladan l, pa egzanzp, voye bilten enfòmasyon konsènan Sistèm Sante sa a. Epitou Maketing genyen ladan l lè Sistèm Sante a resevwa lajan, dirèkteman oswa endirèkteman, de yon tyès pati k ap pwopoze w pwodwi oswa sèvis li yo. Sistèm Sante a pral enfòme w si li angaje nan maketing epi li pral chèche otorizasyon w anvan sa.

## **KOLEKSYON FON**

Sistèm Sante a kapab itilize epi/oswa divilge kèk nan PHI ou pou kontakte w pou aktivite koleksyon fon pou soutni Sistèm Sante a. Tout materyèl sou koleksyon fon yo voye ba ou pral dekri fason ou kapab chwazi pou pa resevwa okenn lòt kominikasyon.

## **KOUVÈTI DE GAD (ON-CALL-COVERAGE)**

Pou ofri w kouvèti de gad, li nesèsè pou Sistèm Sante a etabli relasyon avèk lòt medsen ki pral pran apèl ou an si yon medsen nan Sistèm Sante a pa disponib. Medsen de gad yo pral bay Sistèm Sante a nenpòt PHI yo kreye epi yo pral konsève PHI ou konfidansyèl selon lalwa.

## **FANMI/ZANMI**

Sistèm Sante a kapab divilge yo bay manm fanmi, lòt pwòch, yon zanmi pèsònèl ki pwòch, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye, PHI ou dirèkman enpòtan pou enplikasyon moun sa a nan swen ou an oswa pèman pou swen ou an. Epitou Sistèm Sante a kapab itilize oswa divilge PHI ou yo pou enfòme oswa pou asiste nan enfòme (ki genyen ladan l idantifikasyon ak lokalizasyon) yon manm fanmi, yon reprezantan pèsònèl, oswa yon lòt moun ki responsab pou swen ou an, pou lokalize w, kondisyon jeneral ou oswa lanmò w. Sepandan, nan toude ka yo, kondisyon sa yo pral aplike:

**(a)** Sistèm Sante a kapab itilize oswa divilge PHI ou si ou dakò, oswa si Sistèm Sante a ba w yon opòtinite pou opoze epi ou pa opoze, oswa si Sistèm Sante a ka fè dediksyon de sikonstans yo yon fason ki rezonab, selon egzèsis jijman li yo, ki montre ou pa opoze ak itilizasyon oswa divilgasyon an.

**(b)** Si ou pa prezan, Sistèm Sante a pral, nan egzèsis jijman li an, deside si itilizasyon oswa divilgasyon an nan pi bon enterè w epi, si se sa, li pral divilge sèlman PHI ou ki dirèkteman lye ak enplikasyon moun nan avèk swen ou an.

## **DWA W YO**

**1.** Ou genyen dwa pou:

- a)** Anile tout otorizasyon, alekri, nenpòt lè. Pou mande yon anilasyon, si ou se yon pasyan nan Nassau University Medical Center, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nenpòt kote

Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo).

- b)** Restriksyon sou demann nan kèk itilizasyon ak/oswa divilgasyon PHI ou yo jan lalwa rekòmande sa. Sistèm Sante a pa genyen obligasyon pou dakò ak tout restriksyon ou mande, eksepte nan mezi regleman HIPAA a egzije sa, oswa jan lalwa egzije sa. Pou mande restriksyon, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo). Nan deman alekri ou an, ou dwe enfòmè Sistèm Sante a konsènan ki enfòmasyon ou vle limite, keseswa ou vle limite itilizasyon oswa divilgasyon Sistèm Sante a, oswa toude, ak ki moun ou vle aplike limit yo. Si Sistèm Sante a dakò ak demann ou an, Sistèm Sante a pral respekte demann ou an sofsi genyen enfòmasyon ki nesèsè pou ba w tretman dijans.
- c)** Mete restriksyon sou kèk divilgasyon PHI konsènan oumenm nan yon plan sante kote ou peye anplen ak lajan nan pòch ou pou atik oswa sèvis swen sante a.
- d)** Resevwa kominikasyon konfidansyèl oswa PHI pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Ou dwe fè demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo). Sistèm Sante a pral fè aranjman pou tout demann ki rezonab.
- e)** Enspekte epi kopye PHI ou jan lalwa rekòmande sa. Pou enspekte epi kopye PHI ou an, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo). Nan kèk sitiyasyon lalwa defini, Sistèm Sante a kapab refize demann ou an, men w ap toujou genyen dwa pou fè yo revize refi a. Sistèm Sante a ka fè w peye yon frè pou kopi, lapòs, oswa lòt materyèl ki asosye ak demann ou an.
- f)** Fè chanjman nan PHI ou an jan lalwa rekòmande sa. Pou mande yon chanjman, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon

pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo). Ou dwe bay yon rezon ki soutni demann ou an. Sistèm Sante a kapab refize demann ou an si li pa fèt alekri, si ou pa bay yon rezon pou soutni demann ou an, si enfòmasyon ki dwe chanje yo se pa t Sistèm Sante a ki te kreye yo (sofsi moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon yo pa disponib ankò), si enfòmasyon yo pa fè pati PHI Sistèm Sante a pa konsève, si enfòmasyon yo pa fè pati enfòmasyon ou t ap renmen otorize pou enspekte epi kopye yo, ak/oswa si enfòmasyon yo presi epi konplè. Si ou pa dakò ak refi Sistèm Sante a, ou pral genyen dwa pou soumèt yon deklarasyon ekri ki di ou pa dakò.

**g)** Resevwa yon rapò divilgasyon PHI ou jan lalwa rekòmande sa. Pou mande yon rapò, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Depatman Dosye Medikal la, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo). Demann lan dwe deklare yon peryòd tan ki pa dwe pi longpase sis (6) ane epi li paka gen dat ki anvan 14 Avril 2003. Deman lan dwe endike nan ki fòm ou vle lis la (tankou yon kopi papye oswa yon kopi elektwonik). Premye lis ou mande nan yon peryòd douz (12) mwa pral gratis, men Sistèm Sante a kapab fè w peye frè pou bay lòt lis anplis nan menm peryòd douz (12) mwa a. Sistèm Sante a pral enfòm w konsènan frè ki enplike epi ou ka deside retire demann lan oswa modifiye demann ou an anvan yo fè nenpòt depans.

**h)** Resevwa yon kopi papye avi sou lavi prive sa a nan men Sistèm Sante a sou demann Depatman Dosye Medikal yo, NHCC, 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554. Si ou se yon rezidan nan A. Etablisman Holly Patterson Extended Care (“AHP”) ou kapab voye demann ou an bay Depatman Dosye Medikal la, AHP, 875 Jerusalem Avenue, Uniondale, New York 11553. Si ou se yon pasyan nan nenpòt kote Harmony Healthcare Long Island, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Sant Sante kote ou trete a (gade lis ki anba a pou jwenn adrès yo).

**i)** Enfòm w aprè yon vyolasyon PHI ou genyen ki pa sekirize (tankou jan tèm nan defini nan Règleman HIPPA a).

Voye plent bay Sistèm Sante a oswa bay Sekretè Sèvis Sante ak Sèvis Imen si ou santi yo te vyole lavi prive w. Ou kapab kontakte yon biwo nan Biwo pou Dwa Sivil yo, ou ka jwenn nan [www.hhs.gov/ocr/office/about/rgn-hqaddresses.html](http://www.hhs.gov/ocr/office/about/rgn-hqaddresses.html). Pou depoze yon plent nan Sistèm Sante a, ou dwe kontakte Responsab Lavi Prive Sistèm Sante a. Tout plent yo dwe fèt alekri.

Pou jwenn plis enfòmasyon, oswa pou jwenn repons konsènan kesyon ou genyen sou dwa ou yo; ou kapab kontakte Responsab Lavi Prive Sistèm Sante a nan, Karen G. Leslie, at 2201 Hempstead Turnpike, East Meadow, New York 11554 at (516)-572-4754.



## **EGZIJANS SISTÈM SANTE A**

### **1. Sistèm Sante a:**

- (a)** Lalwa egzije pou konsève lavi prive PHI ou epi pou ba w avi sou lavi prive konsènan obligasyon legal Sistèm Sante a ak lavi prive Sistèm Sante a konsènan PHI ou.
- (b)** Lalwa egzije pou respekte tèm ki nan avi sou lavi prive sa a, ki anvigè kounye a.
- (c)** Rezève dwa pou fè chanjman nan tèm avi sou lavi prive sa a epi pou rann nouvo dispozisyon avi sou lavi prive a aplikab pou tout PHI li konsève yo.
- (d)** Pap fè zak reprezay kont ou paske ou te depoze yon plent.
- (e)** Dwe fè yon efò de bòn fwa pou jwenn yon akize resepsyon konsènan avi sa a.
- (f)** Pral afiche avi sou lavi prive a sou sit entènèt Sistèm Sante a, si Sistèm Sante a ap mentni yon sit entènèt.
- (g)** Pral ba w avi sou lavi prive sa a pa imèl si ou mande sa. Sepandan, ou genyen tou dwa pou jwenn yon kopi an papye konsènan avi sou lavi prive sa a.

## **DAT LI ANVIGÈ**

Avi sa a antre anvigè nan dat 23 Septanm 2013. Premye dat antre anvigè avi sa a se te 14 Avril 2003.

---

## **AVI SOU LAVI PRIVE**

### ***LIS MANM NAN SISTÈM SANTE A***

Harmony Healthcare Long Island at Elmont- 161 Hempstead Turnpike, Elmont, NY 11003  
Harmony Healthcare Long Island at Hempstead- 619 Fulton Avenue, Hempstead, NY 11550  
Harmony Healthcare Long Island at Freeport- 101 S Bergen Place, Freeport, NY 11520  
Harmony Healthcare Long Island at Roosevelt- 380 Nassau Road, Roosevelt, NY 11575  
Harmony Healthcare Long Island at Oceanside- 3227 Long Beach Road suite 2, Oceanside, NY 11572  
Harmony Healthcare Long Island at Westbury- 682 Union Avenue, Westbury, NY 11590  
Harmony Healthcare Long Island at Roosevelt High School  
Harmony Healthcare Long Island at Freeport High School  
Harmony Healthcare Long Island at Westbury High School  
Nassau University Medical Center  
A. Holly Patterson Extended Care Facility

# Deklarasyon Dwa Pasyan pou Sant Dyagnostik ak Trètman (Klinik)

**Antanke yon pasyan nan yon Klinik nan Eta New York, ou gen dwa, dapre lalwa, pou:**

- (1) Resevwa sèvis san yo pa gade laj, ras, koulè, oryantasyon seksyèl, relijyon, eta sivil, sèks, idantite seksyèl, peyi kote w soti oswa sous pèman.
- (2) Resevwa trètman avèk konsiderasyon, respè, ak diyite epi konfidansyalite nan trètman;
- (3) Jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan sant lan;
- (4) Resevwa tout enfòmasyon sou dispozisyon pou kouvèti asirans ijans andeyò lè travay;
- (5) Enfòmasyon w epi resevwa yon estimasyon frè pou sèvis yo, gade yon lis plan sante ak lis lopital sant lan abitye kolabore; kalifikasyon pou ranbousman twazyèm pati, epi, lè sa aplikab, disponibilite swen gratis oswa pri redwi
- (6) Resevwa yon bòdwo detaye de kont li, si li mande sa;
- (7) Jwenn nan men pwofesyonèl swen sante l la, ranplasan pwofesyonèl swen sante l la enfòmasyon konplè ak aktyèl konsènan dyagnostik li, trètman ak pwonostik nan tèm yo espere pasyan an kapab konprann yon fason rezonab;
- (8) Resevwa nan men doktè a enfòmasyon ki nesesè pou bay konsantman eklere anvan kòmansman nenpòt pwosedi ki pa ijans oswa trètman oswa toude. Yon konsantman eklere dwe gen ladan l, kòm yon minimòm, enfòmasyon sou pwosedi espesifik oswa trètman espesifik oswa toude, ris moun kapab prevwa ki enplike, ak altènatif pou swen oswa trètman, si genyen, kòm yon pwofesyonèl medikal rezonab nan yon sikonstans konsa tap revele nan yon fason ki pèmèt pasyan an pran yon desizyon eklere.
- (9) Refize tretman nan limit lalwa pèmèt sa epi jwenn tout enfòmasyon konsènan konsekans medikal sa kapab genyen;
- (10) Refize patisipe nan rechèch eksperimental;
- (11) Pote plent epi rekòmande chanjman nan politik ak sèvis yo bay anplwaye sant lan, operatè a ak New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York) san w pa pè reprezay.
- (12) Eksprime plent sou swen ak sèvis yo bay epi fè sant lan mennen ankèt sou plent sa yo. Sant lan responsab pou bay pasyan an oswa moun li deziyen an yon repons alekri ki endike rezilta ankèt la nan espas 30 jou si pasyan an mande sa. Sant lan responsab tou pou fè pasyan an oswa moun li deziyen an konnen si repons sant lan pa satisfè pasyan an, li ka pote plent bay New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York);
- (13) Respekte entimite pasyan an ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante pasyan an.
- (14) Apwouve oswa refize divilge sa ki nan dosye medikal li bay nenpòt pwofesyonèl swen sante ak/oswa etablisman swen sante eksepte jan lalwa oswa kontra pèman twazyèm pati egzijè l;
- (15) Aksè nan dosye medikal li yo dapre Seksyon 18 Public Health Law (Lwa sou Sante Piblik), ak Sou-seksyon 50-3 Pou plis enfòmasyon ale nan: [http://www.health.ny.gov/publications/1449/section\\_1.htm#access](http://www.health.ny.gov/publications/1449/section_1.htm#access)
- (16) Otorize manm fanmi w yo ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizitè; epi
- (17) Si sa aplikab, fè konnen volonte ou pa rapò ak kado anatomik. Moun ki gen sèzan oswa plis kapab dokimante konsantman yo pou fè don ògan yo, je yo ak / oswa tisi, nan moman lanmo yo, nan enskri nan Rejis Donate Vi NYS oswa yo kapab dokimante otorizasyon yo pou don ògan ak / oswa tisi alekri nan nan plizye fason (tankou deziyen yon responsab swen sante, volonte, kat donatè, oswa lòt papye ki siyen). Prokurasyon swen sante a disponib nan sant lan.
- (18) Gade yon lis plan sante ak ki lopital sant lan abitye kolabore;
- (19) Resevwa yon estimasyon sou ki kantite lajan ki pwal faktire apre ou finn resevwa sèvis.



Department  
of Health